

Modèl Deklarasyon Enpak sou Egalite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl la

Tit: Mizajou sou Bidjè Kapital FY22

Dat: 12/05/2021

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Yes X Non (Zouti pou chak fèmte ak konstriksyon annkou kounyeya ke anons piblik yo te fèt)

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: REPT ankou

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? X Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Prezantasyon Bidjè Kapital FY22 ki genyen ladan mizajou anpil pwojè; Deklarasyon Enpak sou Ekite konsantrasyon sou twa eleman ki mande yon vòt de Komite Lekòl la:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Fèmte Timilty and Irving Middle School nan fen SY21-22, 2) Fèmte Jackson Mann School nan fen SY21-22, epi 3) Senk nouvo pwojè batiman yo: the Horace Mann School pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di, East Boston Elementary, Dorchester Elementary, ak Roxbury Elementary, Allston/Brighton Elementary (t ap kote aktyèl lekòl Jackson Mann la sitiye) <p>Fèmte lekòl twazyèm sik vize pou reyalize konsistans nan tout distri a nan konfigirasyon klas yo pandan l ap elimine lekòl twazyèm sik, pandan l ap sipòte tranzisyon elèv la nan anviwònman aprantisaj nan diferan lekòl.</p> <p>Fèmte Jackson Mann estimile pa leta ki konpwomèt pa etablisman an. Yon revizyon enjeniri te fèt pa Depatman Etablisman Piblik Boston nan 2019 te detèmine batiman ki ta dwe pran an konsiderasyon osito posib pandan majorite sistèm yo itilize pou fè lekòl la fonksyone (chofaj, vantilasyon elektrik, sistèm èkondisyone, elatriye) te pase fen lavi yo ki itil. Anplis, genyen yon gwo bès nan kantite syèj elemantè ki nesesè nan Allston-Brighton:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Prèske 50% enskripsyon lekòl la soti nan lòt katye yo. ● Genyen jeneralman ase syèj ki louvri nan lòt lekòl Allston-Brighton yo pou akomode elèv lokal Jackson-Mann yo. <p>Distri a vize pou konstwi de nouvo lekòl elemantè pou aktyèl lekòl yo nan Dorchester ak Roxbury, yon konstriksyon pou Horace Mann School, ak yon nouvo batiman aktyèl sit nan Jackson Mann , yon nouvo konstriksyon nan aktyèl sit konstriksyon an, ak pou eksplore yon lekòl elemantè nan East Boston, nan chak ka k ap ogmante apwovizyonman syèj pou reponn ak demann elèv ki toupre yo. Epitou yo pral akonpli yon pi gran aliyman K-67-12 nan katye sa yo.</p> <p>Yo pral soutni elèv Timilty and Irving yo pou chwazi yon nouvo lekòl avèk syèj ki louvri ki plis apwopriye pou bezwen aprantisaj endividyèl yo. Travay sa a prensipalman dirije pa lidè lekòl yo, sipè-entandan lekòl yo, ak manm pèsonèl biwo santral la, epi pral elaji pou enkli pwofesè, elèv, ak manm kominote yo nan mwa k ap vini yo. Elèv ki nan youn nan lekòl sa yo ki pral fè tranzisyon nan klas 7yèm ak klas 8yèm lane yo nan</p>

	<p>Septanm 2022 pral resevwa yon priyorite afektasyon pandan lotri afektasyon an, ki pral bay elèv yo pemye priyorite pou resevwa afektasyon yo syèj nan lekòl ki pa ranpli yo pandan y ap retounen elèv oswa frè ak sè pandan chak tou afektasyon espesifik.</p> <p>Elèv Jackson Mann yo pral resevwa yon priyorite afektasyon pou seleksyone nouvo lekòl yo pou Otòn 2022 (SY22-23), premye ane akademik aprè fèmte a. Sa pral bay elèv yo premye opòtinite pou resevwa afektasyon nan syèj ki pa ranpli yo pandan y ap retounen elèv ak frè ak sè yo pandan chak tou afektasyon ki espesifik ak klas la.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyan ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Angajman 4, Priyorite 4 nan Plan Estratejik la se "Reyalize BuildBPS pou asire chimen ki ekitab ak konekte ant lekòl yo." Fèmte de nan kat distri lekòl la rete lekòl segondè ak Jackson Mann School dirèkteman aliyan ak Plan Estrateji la pandan y ap minimize tranzisyon elèv yo epi kreye plis chimen ki efikas ant lekòl segondè ak lekòl elemantè yo, epi kat konstriksyon yo enpòtan anpil pou respekte angajman sa a.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>DOne kantitatif ak done kalitatif yo te itilize pou evalye opsyon konfigirasyon ak enpak potansyèl pou chak fèmte lekòl. Analiz done yo te genyen ladan pèfòmans nan lekòl, pèfòmans elèv la, ak done demografik elèv la (ras/gwoup etnik, tio pwogram, katye lakay, transpò), ak Endèks Opòtinite BPS la.</p> <p>Lekòl Twazyèl sik Irving ak Timilty genyen plis pwopòsyone elèv ki tonbe nan kategori sa yo pase popilasyon klas 6yèm ane jiska 8yèm ane nan tout distri a: Nwa oswa Latino, ki ekonomikman defavorize, elèv Anglè, elèv k ap fè fas ak sanzabri, ak elèv ki genyen andikap yo.</p> <p>Lekòl Jackson Mann K-8 genyen plis pwopòsyone elèv ki tonbe nan kategori sa yo pase klas popilasyon K jiska 8 nan tout distri a: Nwa oswa Latino, ki ekonomikman defavorize, elèv Anglè, ak elèv ki genyen andikap yo.</p>
<p>4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Plan pou fèmte lekòl twazyèm sik nan tout distri a te anonse pandan premye fwa nan Otòn 2018 epi apres a ankò nan Me 2019 nan kominote lekòl yo. Anvan epi depi anons sa a, lidè lekòl Irving ak Timilty yo te angaje nan planifikasyon tranzisyon an. Nou te kòmanse angaje nan kominote lekòl yo nan pwochen etap yo, ki genyen ladan rankont ki pwograme avèk elèv, fanmi, manm pèsònèl, ak patnè yo. Epi nou planifye pou angaje lekòl ki te konekte modèl alimantasyon ak ak Irving ak Timilty, menm jan ak lekòl yo priyore pou elaji 7-12/K-6 akoz fèmte yo.</p> <p>Kominote Horace Mann nan pral angaje nan bay kontribisyon nan Massachusetts School Building Authority pou konsepsyone yon etablisman ideyal de pwent pou yon lekòl lang doub nan Ameriken Sign Language.</p> <p>Pwosis angajman konsènan nouvo konstriksyon yo nan Dorchester ak Roxbury pral enplike konsepsyon lekòl ak yon pwosis pou detèime ki lekòl ki pral okipe nouvo batiman yo. Sa ka genyen ladan lekòl k ap espere pou elaji aktyèl lekòl otonòm oswa lekòl ki swete fizyone yo. Nan kad pwosis seleksyon lekòl la, distri a pral pibliye opsyon pou priyore lekòl ki baze sou kondisyon konstriksyon, aktyèl atou edikatif (tankou jimnaz, bibliyotèk), ak rezilta lekòl yo pou elèv ki plis egzijan yo.</p>

	<p>Yo te fè yon seri rankont angajman ak sondaj yo te fèt nan kominote Jackson Mann k ap kòmanse nan Prentan 2020 an. Distri a pral kontinye angaje fanmi yo nan mwa k ap vini yo pou planifye ak reyalize fason pou pi byen sipòte elèv yo pandan tout tranzisyon an. Ekip BuildBPS la pral lanse yon seri angajman nan Me 2021 pou rasanble plis kontribisyon nan vil la konsènan chanjman pou ane lekòl 2022-2023 a, menm jan ak planifikasyon plis lontèm yo.</p>
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Yo pral akòde plis sipò adisyonèl nan chak kominote lekòl k ap fè fas ak fèmty a. Konsepsyon lekòl ki elaji yo pral baze sou aplikasyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la, ak estrateji pou asire ekite, patikilyèman ekite rasyal.</p> <p>Byenke nou genyen entansyon pou angaje fanmi ak lekòl k ap resevwa yo pou idantifye sipò ki pèsonele pou elèv k ap fè fas ak fèmty, nou prevwa sipòte elèv yo avèk:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Manm pèsonele soutyen siplemantè pou elèv nan Irving, Timilty yo, ak Jackson-mann pou ede elèv yo chwazi epi asire ke yo genyen yon plan akademik ki rive odela pwochen tranzisyon sa a. ● Anplis de finansman anplis pou lekòl k ap resevwa elèv yo aprè fèmty a pou ede yo bay sèvis tranzisyon (tankou titora, counseling) pou elèv yo. <p>Epitou nou dwe rekonèt ke lè yo ajoute yon tranzisyon pou elèv Jackson Mann yo ak elèv sa yo ki pral atribye nan de lekòl segondè yo pwochen ane la pètiban. Byenke pètibasyon sa a pral mennen plis koyerans an mwens tranzisyon pou elèv ki alavni, li vini avèk yon frè pou elèv sa yo ki enskri nan lekòl yo kounyeya. Nou dwe fè yon efò pou redwi efè tranzisyon an epi swiv elèv yo alontèm.</p>
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Alokasyon bidjè espesifik pral defini pandan pwosesis bidjè a epi anonse nan Otòn 2021 pou bezwen nan sipò pou tranzisyon pou elèv k ap fè fas ak fèmty lekòl yo.</p> <p>Fon kapital yo rezève espesifikman pou yon fim konsepsyon ak yon fim achitektiral pou fè yon etid konsepsyon pou nouvo konstriksyon K-6 yo nan Dorchester ak Roxbury. Tout etid fezablite ak konsepsyon yo pral pataje avèk kominote lekòl ki konsène yo. Sesyon angajman kominotè yo pral kontinye pandan tout reyalizasyon an pou rasanble kontribisyon ak fidbak nan chak etap.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Sipè-entandan lekòl yo, direktè, ak chèf lekòl yo pral travay depre ak ekip Biwo Santral BuildBPS la ak ekip konsepsyon pwojè yo pou asire ke yo respekte referans yo.</p> <p>Yo pral swiv elèv ki ale nan Timilty, Irving, ak Jackson yo pou asire ke yo ap fè tranzisyon yon fason ki efikas nan nouvo lekòl yo, yon fason akademik epi olistik. Nou pral travay an kolaborasyon avèk Biwo DOne ak Kontablite a pou bay rapò sou enpak fèmty aprè aprè lekòl la.</p>